ISSN: 2181-3906 2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 2 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# ТИЛ БИЛИМИНДЕ ТЕРМИН ҲӘМ СӨЗ ЖАСАЛЫЎЫ

**Сапаргул Тажиева**

Нөкис қаласы 2-санлы техникумы Қарақалпақ тили ҳам әдебияты оқытыушысы.

https://doi.org/10.5281/zenodo.18619369

***Аннотция.*** *Бул махалада тилдиң раўажланыўы ишки ҳәм сыртқы жоллар менен әмелге асады. Ал, бул раўажланыў сөз ҳәм терминлердиң жасалыўы арқалы иске асады.*

*Мақалада дүнья тил билиминдеги сөз ҳәм термин жасалыў мәселесин ўйренип шығамыз. Дүнья тил билиминде сөзлердиң жасалыўы тарийхый ҳәм салыстырмалы аспектлерде ўйренилген. Ал, тараўлық терминлердиң жасалыўы бойынша бүгинги күнде рус тил билиминде илимий мақалалар көринисинде изертлеўлер алып барылмақта. Сондай-ақ, инглис тилиндеги терминлердиң жасалыўы бойынша илимий жумыслар мақалалар көринисинде баспаларда жәрияланған.*

***Гилт сөзлер:*** *Тил билими, сөз, термин, сөз жасалыў, логикалық терминлер, термин жасалыў.*

***Аннотация.*** *Развитие языка — это процесс взаимодействия с внешними факторами. Это слово используется из-за сочетания терминов. В статье мы узнаем, как образуются слова и термины в контексте знания мировых языков. В изучении мировых языков процесс образования слов рассматривается как в историческом, так и в аналитическом аспектах. Сегодня исследования в области русского языка проводятся в форме научных статей. Например, научные работы по генеалогии терминов в английском языке были опубликованы в виде статей.*

***Ключевые слова:*** *Знание языка, слово, термин, словообразование, терминообразование, логический термин*

***Annotation.*** *Developmental work of the language is also a part of the work with external organs. This word is used because of the combination of terms. In the article, we will learn how to make a word and a term in world language knowledge. In the knowledge of world languages, the generation of words is studied in both historical and analytical aspects. Today, researches are being conducted in the form of scientific articles in Russian language knowledge on the basis of the genealogy of related terms. For example, scientific works on the genealogy of terms in the English language have been published in the form of articles.*

***Key words:*** *Language knowledge, word, term, word formation, term formation, logical term.*

Тилдиң раўажланыўы ишки ҳәм сыртқы раўажланыў нызамлылықлары тийкарында әмелге асады. Ал, сөзлердиң жасалыўы тил билиминиң сөз жасалыў тараўында ўйрениледи.

Усы орында терминлердиң жасалыўы сөз жасалыўдан парық қылады.

Дүнья тил билиминде сөзлердиң жасалыўы тарийхый ҳәм салыстырмалы аспектлерде ўйренилген. Рус тил билиминде сөз жасалыўдың тарийхый ҳәм заманагөй түрлери ҳаққында Е.А.Земская мийнетинде сөз етилген. Рус тил билиминде сөз жасалыў тараўында В.В.Виноградов, Н.М.Шанский сыяқлы илимпазлар илимий мақалаларында айырым илимий көзқарасларын билдиреди.

Соңғы жыллары өзбек илимпазларының заманагөй рус тил билиминдеги морфемика ҳәм сөз жасалыўға арналған мийнетлери оғада қунлы. Солардан, Э.Р.Хасанов өз мийнетинде рус тил билиминдеги сөз жасалыў ҳәм морфемиканы бир неше классификацияларда анализлейди.

Ал, терминлердиң жасалыўы рус тил билиминде арнаўлы түрде Г.В.Клычева тәрепинен изертленген. Тараўлық терминлердиң жасалыўы бойынша бүгинги күнде рус тил билиминде илимий мақалалар көринисинде изертлеўлер алып барылмақта. Г.О.Винокур өз мақаласында терминлердиң жасалыўы туўралы төмендегише пикир билдиреди: “терминлер өз-өзинен пайда болмайды, олар зәрүрликтен ойлап табылады” .

Инглис тилиндеги терминлердиң жасалыўы бойынша илимий жумыслар мақалалар көринисинде баспаларда жәрияланған. Солардан А.К.Купцова тәрепинен конференцияда жәрияланған илимий мақалада терминлердиң жасалыў усыллары ҳәм дереклери сөз етилген. Терминлердиң жасалыўы инглис тилиндеги логикалық терминлер тийкарында анализленген. Сондай-ақ, заманагөй инглис тилиндеги сөз жасаўдың аффиксациялық усылының полисемантикасы ҳаққында Д.С.Матвееваның илимий мақаласы дыққатқа ылайық. Бул илимий жумыслар инглис тилиндеги сөз жасалыў ҳәм термин жасалыў өзгешеликлерин белгилейди.

Түркий тил билиминде, соның ишинде қазақ ҳәм өзбек тиллеринде де сөз жасалыў ҳәм термин жасалыў мәселеси тилши илимпазлар тәрепинен үйренилип келмекте. Сөз жасалыўы мәселеси илимий изертлеў объекти сыпатында белгили тюркологлар Н.К.Дмитриев, А.Н.Кононов, Н.А.Баскаков ҳәм т.б. мийнетлеринде арнаўлы сөз етилген.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Винокур Г.О. О некоторых явлениях словообразования в русской технической терминологии // Тр. МИФЛИ. –М., 1939. Т. 5. С. 24
2. Виноградов В.В. Современный русский язык. Морфология. —М: 1952. —С. 43
3. Г.В.Клычева. Ресурсы терминообразавательного потенциала юриспруденции. Дисс.канд.филол.н. —Краснадор, 1999.
4. Е.А.Земская. Современный русский язык. Словообразование. —М: Наука. 2011. —С. 355.
5. Э.Р.Хасанов. Морфемика и словообразование современного русского языка. —Джизак: Изд. 2023. —С. 114.
6. Шанский Н.М. Очерки по русскому словообразованию и лексикологии. —М. 1959. —С. 60.